

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*

**Nou vle pran swen Kreyasyon an, ki se Kay Nou Tout  
yon fason ki dakò ak pwojè Bondye a**  
(Mesaj Aparesida, me 2007)

*Anviwònman an  
se kay kote Bondye rete avè n*

**Kèk refleksyon pou tan Karèm 2008  
Pou litiji ak pou travay ak jèn  
Ane A**

Pòtoprens, janvyè 2008  
**12yèm ane**

Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ki prepare refleksyon sa yo. Nou remèsye tout moun ki bay konkou yo pou ede n prepare tèks sa yo : P. Guido Vandecandelaere, Jocelyne Colas, P. William Smarth, P. Attilus B. Desca, Sè Mary Alban Bouchard, P. Jan Hanssens.

Plizyè tèks pou travay ak gwoup yo soti nan yon ti liv Sè Mary Alban Bouchard, CSJ, te ekri : ***Bati yon Kilti Lapè, 2000-2010 : An nou fè Lapè ak Latè a***, nan seri ***Lapè Gaye # 16***. Nou te adapte tradiksyon tèks yo san n pa chanje lide ki ladan yo. Nou remèsye l paske li pèmèt nou sèvi ak dokiman an.

Nou kapab jwenn lòt resous sou anviwònman an, nan <<http://www.earthcharter.org>>.

*Komisyon an kapab pibliye dokiman sa a, gras ak konkou lajan Misereor. Se Komisyon Jistis ak Lapè sèl ki responsab sa ki ekri nan dokiman sa a.  
Nou pibliye 4500 kopi nan dokiman an.*

## Yon ti mo pou louvri baryè karèm 2008 la

2008 nan Legliz d Ayiti dwe yon ane espesyal. Tan Karèm nou antre ladan an, se premye tan karèm nan misyon Legliz la apre « Aparenans », senkyèm gwo konferans Evèk Amerik Latin yo te fè pou etidye prezans Legliz la sou Kontinan an. Gwo tèm karèm sila a jwenn sous li nan divès reyalyte pèp Ayisyen an te viv nan ane pase yo epi ki mande nou pran konsyans pi plis : **Nou pa mèt kreyasyon Bondye te ban nou an, nou se jeran l.** Sonje Fon Verèt, Mapou, Gonayiv, Kabarè ak anpil lòt kote nan peyi a. Mesaj final Konferans CELAM nan Aparenans di konsa : « **Nou vle pran swen Kreyasyon an, ki Kay Nou Tout ...** ». Komisyon Jistis ak Lapè deja antre nan misyon Legliz la, paske Bondye nou an, se Bondye Lavi, Jezi Pitit li, se Solèy Jistis ak Prens Lapè li ye.

### *Pou pèp nou an kapab genyen lavi nan Jezi Kri*

Nan moman yo te anonse misyon sila a, jou ki 8 desanm 2007, Evèk yo ekri: « *Kòm nou konnen sa, tout batize dwe vin tounen disip ak misyonè Jezi Kri.... Nou vle reveye lafwa kretyen yo epi bay idantite yo plis fòs kòm katolik. Nou vle, an menm tan tou, angaje toutbon vre, tout pawas yo nan misyon sa a, ankouraje fòmasyon ajan pastoral, epi travay pou tout pèp nou an kapab grandi toutbon vre. Nan misyon sa a, nou vle antre an menm tan tou nan dyalòg, ni avèk frè n ak sè n ki nan lòt konfesyon kretyèn ak nan lòt relijyon yo, ni avèk tout moun bòn volonte, e avèk tout pitit fi ak tout pitit gason peyi nou an. »*

Chak tan karèm ede n, nou menm kretyen katolik, pran konsyans batèm nou. Ane sa a, li mete n devan reskonsablite n pou n pran swen kay sa a Granmèt la konfye bay tout pitit li yo nan peyi d Ayiti, ki peyi nou ak anviwònman nou. Se ladan nou viv, se ladan nou disip Jezi nan mitan tout lòt frè ak sè Bondye bay lavi. Se ladan nou kreye relasyon ak Bondye, se kote n viv e kote n temwaye lafwa nou. Konsa, anviwònman an dwe tounen yon sous k ap nouri esprityalite nou ak gwo motivasyon nou yo pou lavi.

Ane sa a, nou prezante dimanch yo yon fason diferan. Dabò nou bay kèk lide pou ede komite litiji yo. Apre sa, nou fè pwopozisyon pou n kapab travay ak mouvman, gwoup jèn, oswa nan kad lekòl la. Konsa, nou espere n ap kapab sèvi pi plis toujou ak ti dokiman sila a. Nou swete nou tout yon bon tan Karèm 2008.

*P. Jan Hanssens, direktè*

Dezyèm dimanch tan karèm chak lane, se :

## Jounen Nasyonal Jistis ak Lapè nan peyi d Ayiti

Jistis ak Lapè, se yon zouti pastoral sosyal Legliz la, menm jan ak Karitas, Komisyon Episkopal pou Edikasyon Katolik, Komisyon pou Migrasyon, ak plizyè lòt. Objektif li se lite pou diyite chak moun ak respè dwa l yo. Komisyon an prezan nan tout dyosèz nan peyi a. Li prezan nan plis pase 240 pawas atravè peyi d Ayiti. « Dimanch Jistis ak Lapè » se yon okazyon pou fè fidèl yo konnen pi byen ki sa Komisyon Jistis ak Lapè a ye.

Men ki aktivite Komisyon sa a mennen atravè peyi a :

- Fòmasyon sou dwa ak devwa moun ;
- Fòmasyon sou lapè ak sou dyalòg pou chanje figi konfli yo ;
- Fòmasyon sou lalwa.
- Akeyi viktim abi, enjistis ak vyolasyon dwa moun ;
- Denonse vyolasyon dwa moun ;
- Lonje dwèt sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan ak nan tout peyi a ;
- Akonpaye viktim yo devan sèvis Leta yo ;
- Travay pou refòm sistèm Lajistis nan peyi a.

Eske nan pawas pa nou genyen fidèl k ap lite pou Lapè ak Jistis blayi nan peyi d Ayiti a ? Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte sekretarya a nan dyosèz ou.

Nan dimanch sa a, Komisyon an konte sou lapriyè n ak konkou n. Tanpri, fè fidèl yo konn sa. Nou konte sou konkou ak kontribisyon lajan yo pou fè travay la mache. Konkou lajan n ap bay la ap sèvi pou bay komisyon pawasyal yo ak dyosezen yo jarèt.

*Premye dimanch karèm  
10 fevriye 2008*

## *Nan savann dezole a, Jezi montre n pran reskonsablite*

Jenèz 2,7-9 ak 3, 1-7 : Bondye soufle yon souf lavi nan twou nen moun nan. Li plante yon jaden, e li mete moun li te fè a ladan.

Wòmèn 5, 12-19 : Adan se pòtrè Sila ki te dwe vini an.

Matye 4, 1-11 : Lespri a menmen Jezi nan savann dezole a pou djab la seye l.

### *Kèk lide pou litiji a*

Ranmanse tèm nan : Nan dezè a, Jezi twouve l fas pou fas ak tout gwo desizyon chak kretyen vivan dwe pran nan lavi a. Bondye ba nou libète, konsyans ak desizyon. Nou reskonsab frè n ak sè n yo, nou reskonsab sa Bondye kreye. Pouwa ki nan men n, pa dwe detounen n sou vrè sans lavi a.

*Yon senbòl pou premye dimanch tan karèm nan :*

**Pote yon gwo plant ki bèl, ki fè n sonje Pye bwa Lavi a Bondye te plante nan jaden an. Envite moun yo pou vin touche l.**

**An n chwazi lavi pou tout sa Bondye kreye. Chwazi, se pran reskonsablite.**

Yon pwèn pou aksyon nan semèn nan :

An n pran konsyans desizyon nou pran yo. Eske n kite evènman yo mennen n ? Oubyen èske se nou k decide ki sa k pral fèt ? An n tounen moun ki pran lavi yo nan men, ak tout libète n ak tout konsyans Bondye te ba nou.

## *Konprann Pawòl Bondye a*

- Liv Jenèz la ede nou konprann bèl pozisyon moun genyen nan mitan tou sa Bondye kreye. Diyite nou sòti nan Bondye li menm. Moun fèt ak pousyè tè ... ki vle di, nou fè pati tout kreyasyon Bondye a. Epi, Bondye soufle souf li nan twou nen moun nan... ki vle di, nou fè pati Bondye. « Bondye kreye n pòtrè ak li ». Epitou, moun, gason ak fi, fèt youn pou lòt. Chak moun, chak pèp sou latè fè nou sonje Bondye ki kreye l ak diyite.

Plis toujou, Bondye plante jaden an e li mete moun kòm gadyen li. Bondye konfyè travay li nan men moun. Li fè n konfyans. Li ba n responsablite, libète ak volonte pou n kab patisipe nan pwòp pwojè pa l la. Nou gen « pouvwa » sou kreyasyon an ak nan relasyon n ak lòt moun.

- Jezi li menm tou te sibi tantasyon pou l te detounen pwojè Bondye a nan pwòp avantaj pa l, pou l te chèche pouvwa pou pouvwa: pouvwa ekonomik, pouvwa politik ak pouvwa relijye pou reyalize pwòp pwojè pa l la. Di wòch yo tounen pen, se siy yon pouvwa ekonomik ki pa chita sou travay. Jete kò ou anba, se pawòl yon pouvwa politik ki chita sou demagoji ak pwomès. Bese tèt devan m, se siy yon pouvwa relijye ki bliye kilès ki Bondye toutbon vre. Ak chwa Jezi fè yo, li montre n pran responsablite n e bati pwojè Bondye a.
- Adan anonse dezyèm Adan an, Jezi. Konsa, li se pòtre Moun nouvo a. Moun nouvo sila a, se li k mete tout konpetans, entelijans ak konsyans li pou reyalize pwojè Bondye. Pwojè Bondye a la depi anvan kreyasyon an fèt. Se Jezi ki fè n konprann li nan tout bèlte l ak tout konsekans li yo. Nan leve Jezi leve pami mò yo, pwojè a kòmanse reyalize nan mitan nou. Jezi se Moun nouvo a ki montre n ki jan n kapab vin Moun nouvo, nou menm tou.

**Nou responsab pou pwòp pouvwa ki nan men n, yon pouvwa ki gen limit, men ki gaye nan divès domèn : sosyete, ekonomi, relijyon, politik. Nou responsab pou sèvi byen ak li, pou leve lòt la, pou pwoteje kreyasyon an. Menm jan ak Jezi ki refize pouvwa pou enterè pa l, pou dominen, pou tire avantaj sou do lòt, pou simen lanmò.**

*Pou travay ak gwoup, jèn, ak nan lekòl*

*Yon parabòl*

*Nou rakonte parabòl la  
epi nou envite patisipan yo mete lide yo ansanm*

**POUWA MOUN**

Nan tan lontan, zannimo te fete pouvwa yo chak ane. Depi kèk tan, te gen anpil konpetisyon nan fèt sa yo, sa vle di chak bèt t ap chèche fè pa l la pi bèl pase pa yon lòt. Gras a kèk teknik ki fèk parèt, gen lòt bèt ki vin ap genyen konkou sa a. Ane pase, se makak ki te genyen. Nou wè sa hen ? Tout bèt te dakò : makak te rive sèvi ak yon seri nouvo teknik pou fè tout lòt bèt yo wè pouvwa li. Se sa ki fè li te pote premye mayòl la.

Ane sa a, konkou an pa t fèt menm jan. Gen yon nouvo bèt ki rive nan kous la, se « moun ». Pi fò bèt yo pa t janm kwè moun ta ka gen yon chans. Men, li te pase premye etap yo san pwoblèm. Final la te fèt sou mòn forè Kweti, nan tèt yon sous dlo Lespwa. Senk pati ki t ap fè final la, se te lyon, elefan, makak, jiraf ak moun.

Jan sa toujou fèt, chak pati ki te nan kous la vini ak fanatik yo. Makak rive an premye. Pèsòn pa t rive wè ki jan li te rive, paske li t ap vole sòti sou yon branch bwa ale sou yon lòt. Se te yon bèl mèvèy : tout fanmi makak debake tankou sa konn fèt nan yon espektak kote tout bagay byen òganize. Lyon pa t renmen gwo seremoni. Li vini ak madanm li sèlman. Li gonfle kò li pou l gade alantou li etan l ap antre nan espas ki te pare pou resevwa patisipan yo. Elefan ak jiraf se te bon zanmi, epi yo vini prèske an menm tan. Lè elefan antre, li t ap manje yon branch bwa epi jiraf t ap manje kèk fèy pyebwa ki dous. Moun rive an dènye. Li te pou kont li epi li te gen yon bagay pandye nan senti li.

Mèt seremoni an, ekirèy la, anonse konkou an pral kòmanse. Daprè règleman yo, patisipan nan espektak la te kapab antre nan espas ki te pare

pou yo bay cho a. Elefan antre anvan epi pou montre pouvwa li, li fouye yon gwo twou, etan l ap voye anpil pousyè monte epi l ap fè anpil bwi. Jiraf vin apre li e li fè kèk ti chanjman sèlman nan dans li te pare pou montre pouvwa li a. Men mizik la te bèl, li danse ak anpil ladrès epi l al chita. Makak vin apre etan l ap sote tankou yon akwobat sòti nan yon branch ale nan yon lòt, men okenn patisipan pa t brenzeng kò yo. Lyon pouse yon gwo rèl pou montre pouvwa li, men bèt yo te deja abitye tande rèl sa a anpil fwa deja, konsa pa t gen anpil ki te gen kè sote.

Pati ki fèk antre nan konkou a, kidonk moun, parèt an dènye. Li antre nan espas la epi li gade alantou li. Tout bèt yo pe bouch yo. San li pa prese, moun detache yon bagay ki te pandye nan senti li e li leve l anlè. Anpil bwi kòmanse fèt. Bridesoukou, prèske tout lòt bèt ki t ap patisipe nan konkou a benyen nan san. Lyon t ap bwete e makak chape poul li ak san k ap soti nan zorèy li, menm elefan pa t ka fè anyen. Li te rete chita la avèk twonp li k ap fè san e ki t ap pouse kèk son, ou a di, se yon moun k ap ri etan l ap kriye. Moun tonbe ri epi l ale nan forè a san li pa prese.

Pandan nwit sa a, tout bèt rasanble ansanm. Yo pa t envite moun. Bèt yo t ap mande sa ki te rive moun. Pou ki sa li te eseye touye bèt yo alòske li pa t vle manje yo. Gen kèk bèt ki te panse moun pa t menm ak yo, paske li te mache sou de pye. Gen lòt ki t ap di petèt li te soufri yon maladi ki ra, sa yo rele « konplèks siperyorite », konsa, li kwè li pi fò pase nou tout. Bèt yo te deside fè yon ankèt sou moun. Yo te bay chen ak chat fè djòb sa a, epi yo te mande yo fè yon rapò lè yo fini. Men, depi lè sa a, yo pa fè lòt konkou ankò. Gen lè chen ak chat byen renmen viv ak moun, depi lè yo te asepte pou li kontwole yo. Yo pa janm fè okenn rapò.

*(Sous : Caritas Internationalis. Construcción de Paz. 2001, p. 78  
Ak : Bati Lapè. Transfòme konfli san gwo ponyèt. 2006, p. 26)*



*Pou refleksyon n:*

*Parabòl la kab mennen gwo refleksyon. Nan mitan tout kreyasyon an, se moun ki gen entelijans, epi entelijans se yon sous pouvwa li ye. Men nou kapab sèvi mal ak pouvwa nou genyen an. Eske nou sèvi ak entelijans nou pou fè bon jesyon pouvwa nou genyen an? Eske nou « bon jeran tout sa Bondye kreye » ? Eske souvan nou pa panse sou pouvwa tankou yon fòs pou detwi, pou fè enterè n vanse ?*

### **Patisipe nan jesyon tout sa k egziste**

Ki responsablite n devan kreyasyon Bondye a ?

Men yon ti pawòl nan **Ansèyman Sosyal Legliz la** sou anviwònman an :

Setyèm kòmandman an mande respè pou tout sa Bondye kreye nan fason li te kreye yo. Bèt yo, plant yo, tout sa k egziste yo dwe sèvi pou reyalize sa k nan enterè tout moun nan sosyete a, ayè, jodi a ak denmen (gade Jenèz 1, 28-31). Nou dwe mare egzijans moral ki genyen nan lavi a ak fason n sèvi ak tout resous mineral yo, plant yo ak bèt yo. Lè Kreyatè a bay moun nan dominan sa k egziste yo, sa k pa genyen lavi ak sa k vivan yo, se pa yon pouvwa san limit li ba yo. Men, se pou asire yon bon jan lavi pou pwochen an. Jenerasyon moun k ap vini yo ladan tou. Tout sa mande pou n respekte vrèman tout sa Bondye kreye yo.

*Katechis Legliz katolik, # 2415*

Fanmi yo bezwen yon kay pou rete, yon kote ki pèmèt yo kreye relasyon ant manm yo. Pou fanmi moun sou tè a, kay sila a se tè a, se kote Bondye Kreyatè a te ba nou pou abite yon fason kreyatif e responsab. Moun dwe pran swen pou anviwònman an yo te ba li nan men pou li jere l e pwoteje l ak yon libète responsab, dapre yon kritè ki pou gide l : sa k bon pou tout moun. Li klè, nan mitan tout sa k egziste se moun ki genyen plis valè.

*Mesaj Lapè, 1 janvye 2008, n. 7*

*Dezyèm dimanch karèm  
Dimanch Jistis ak lapè  
17 fevriye 2005*

## *Jezi envite n chanje figi, e pou peyi n chanje figi*

Jenèz 12, 1-4 : Kite peyi ou, tè kote ou te fèt la. Al nan peyi m ap montre ou la.  
2 Timote 1, 8-10 : Jezi fini nèt ak lanmò, li fè lavi parèt aklè.  
Matye 17, 1-9 : Jezi chanje fòm devan (disip) yo, figi l vin klere.

### *Kèk lide pou litiji a*

Ranmase tèm dimanch sila a : Chanjman, se yon mo kle nan tout mesaj kretyen. Nou dwe vin moun nouvo ki sanble ak Jezi, ki chanje figi devan disip yo. Tout chanjman se yon batay, tankou Abraram ki dwe kite peyi l, tankou Jezi ki envite disip yo mache sou chimen lakwa. Tout chanjman se yon gras tou Bondye fè n nan Jezi Kri, lè n aji dapre sans lavi a genyen.

Yon senbòl pou dezyèm dimanch tan karèm nan :  
Pote yon boul tè ... Se tè sa a ki peyi a.  
Se ak tè sa a pou n konstwi peyi a.

Yon pwen pou aksyon :  
An n pran konsyans **tout sa nan vi n nou ta swete ki chanje**.  
Se pa lòt yo ki pou chanje an premye ... se mwen menm.  
An n gade tou ki kote mwen dwe aprann gade lòt yo yon lòt jan : apresye jefò yo, aprann fè konpliman pou yo, di yo mèsi ... Eske m konn di madam mwen, mari mwen, pitit mwen, kòlèg mwen yo : mèsi ?

## ***Konprann Pawòl Bondye a***

- Dezyèm dimanch karèm nan mete n devan nesosite pou genyen **chanjman**. Bondye ofri nou chanjman an. Se nou ki pou asepte l e ki pou reyalize l ansanm ak konkou Bondye. Pou kondisyon lavi n ap mennen an kapab dakò ak diyite nou kòm moun, ki chanjman ki dwe genyen ? Abraram dwe kite peyi l pou pwomès Bondye yo kapab reyalize. Sa vle di : Gen yon seri bagay li dwe kite dèyè. Gen yon wout pou l fè. Gen yon chimen pou l rale, li menm, tout fanmi li, tout pèp la k ap pran nesans apre li menm. Se kokenn chenn patisipasyon sila a Abraram genyen pou bay pou reyalize pwojè Bondye a.
- Jezi pote chanjman, se sa evènman sou mòn Tabò a fè n wè. Chimen chanjman toutbon an, se li k chimen Pak la. Jezi fè n wè sa l mande, sa l egzije : patisipasyon ak fidelite jis nan bout. Fidelite ak Bondye, fidelite ak pèp li a. Fidelite ak patisipasyon nan liberasyon pèp la. Se sou chimen kalvè sa a Jezi pale ak disip yo.
- Jezi se yon moun toutbon. Yon moun, se pa yon lespri ki rive nan yon kò tankou yon prizonye nan yon kacho. Se gras ak kò nou, nou youn rankontre ak lòt, youn kapab sansib pou lòt, youn kapab renmen lòt, youn kapab pran ka lòt. Lè n wè yon moun ap souffri, se tout kò n, kè n, zantray nou ki santi l. Nou plis pase kò n, men si pa t gen kò sa a, nou pa ta kapab patisipe vre nan reyalite lavi a kote Bondye ap aji, ap travay, ap reyalize Peyi kote l Wa a.

Nou menm ak peyi n bezwen chanjman. Li dwe tounen yon reyalite, menm jan kò nou ak tout egzistans nou se reyalite yo ye. Lavi toutbon fèt Pak la nou kwè ladan an, dwe parèt depi isit la. Jan Apòt Pòl di l : Lagras Bondye vin vizib devan je nou. Nan pawòl sila a, li bay tout sekre Pawòl la ki tounen moun.

**Chanjman an ak nouvo konpòtman yo dwe parèt ak lè toupatou : nan vi chak moun, nan fanmi nou yo, nan tout peyi a. Yo dwe parèt tou nan jan n konpòte n epi aji ak kreyasyon Bondye a, ak anviwònman n ap viv ladan an. Se yon angajman nou pran ansanm. Konsa angajman tounèf sa a ap chanje relasyon n nan mitan nou tou.**

***Pou travay ak gwoup, ak jèn, nan lekòl***

*Yon istwa*

*Nou kapab rakonte istwa a, nou kapab fè yon teyat ak li,  
nou kapab mete yon ti fi, oswa plizyè gason ak fi k al pale ak Bondye...  
Fè lespri n travay pou fè mesaj la pase, dapre gwoup la ki avè n.*

***Ti gason ak men vèt la***

Te genyen yon ti Ayisyen ki te tris anpil lè l tande anpil timoun te mouri nan inondasyon Gonayiv la (Fon Verèt, Mapou, Kabarè, ...).

L al jwenn Papa Bondye, li di l :

« Papa Bondye, ou te bliye nou ? »

Bondye gade ti gason an.

Li louvri je l byen gran pou fè wè li etone, li reponn :

« Pouki sa ou di sa, pitit mwen ? »

Ti gason an ezite yon ti moman anvan l reponn :

« Peyi m ravaje, Papa Bondye, epi, ou pa t fè nouvel ? »

Bondye grate tèt li, epi li admèt :

« Non, m pa t koute radyo jodi a. Ki sa k pase ? »

- « Gonayiv anba dlo, Papa Bondye, anpil moun mouri. »

Lè sa a, Bondye vin tris. Li pase men l sou tèt ti gason an e li di l :

« Mwen konprann ou, pitit mwen, men èske ou konnen, mwen pa janm bliye Ayisyen yo. Mwen renmen peyi w la anpil. Men, anpil anpil ane pase, peyi w la te vèt, plen pyebwa toupatou. »

- « Kote pyebwa yo ? ki sa k rive yo, Papa Bondye ? »

- « Moun yo, gason kou fi, te vin fou. Yo koupe tout pyebwa sa yo ki te bay yo frechè, lonbraj, bon van ak lapli pou wouze tè a. »

- « Pouki sa yo te fè sa, Papa Bondye ? »

- « Paske yo manke konprann. Yo pa t konprann si pyebwa yo se zanmi yo yo ye. Yo kenbe bon tè a ki pèmèt moun fè bon rekòt. Youn bay lòt lanmen pou bare wout pou dlo rivyè yo pa anvayi jaden yo. »

Ti gason an gade Bondye toupren, epi li di l :

« Pye bwa yo, Papa Bondye, yo pa gen men ? »

- « Yo pa gen men tankou ou, men yo gen rasin. Pou yo menm, se tankou men rasin yo ye, plizyè men ki anbrase tè a pou kenbe l e pou anpeche li disparèt nan lanmè. »

Ti gason an di:

« Mwen konprann. Se sa k te rive nan Gonayiv. Yo te koupe tout pyebwa yo, konsa, pa t gen men ankò pou kenbe tè a. »

- « Wi, se sa menm, pitit mwen. Ou konnen, yon pyebwa, li parèt gwo anpil, men li bezwen yo pwoteje l menm jan avèk ou. »

Lè sa a, ti nonm nan kòmanse ri. Daprè li, Papa Bondye bay yon bèl blag ! Finalman, li di :

« Pyebwa sa yo pi gran anpil pase m. Ki jan mwen menm, ki toupiti, m kapab pwoteje yo ? »

Kounye a, se Bondye ki t ap ri ak tout kè l. Li reponn ti gason an :

« Yon pyebwa pa ka pale, pitit mwen, men ou menm ou kapab. Ou ap kòmanse pale ak moun bò kote ou, ak tout moun ki vle koupe pyebwa. Ou ap di yo tout sa yon pyebwa fè pou yo. Eske ou ap fè l ? »

- « Wi, Papa Bondye. »

- « Ebyen, men misyon ou. Tounen lakay ou. Pale ak granmoun ou yo, di yo : manman, papa, ann plante nou chak yon pyebwa. »

- « Men, yo pa p vle. Y ap di yo pa gen pou resevwa lòd nan men timoun. »

- « Ou pa bezwen pè, m ap voye yon mesaj ak ou. L ap fè ou konnen ki sa ou dwe di. Eske ou dakò ? »

- « Wi, m dakò. »

- « Epi, si ou menm ak kamarad ou yo, ansanm ak pwofesè n, yon jou, n al plante nou chak yon pyebwa, èske n ap pran swen yo? »

- « Wi, Papa Bondye, mwen pwomèt ou sa. »

Lè sa a, Bondye louvri bra l, epi li beni ti nonm nan, e li di l :

« Fè m wè men ou yo. »

- « Men yo, Papa Bondye. »

Papa Bondye touche men timoun nan ak gwo pous li. Touswit, yo pran koulè vèt. Ti gason an tou etone, epi li di :

« Yo vèt, Papa Bondye. Pouki sa ou chanje koulè men m yo ? Moun yo pral ri m. »

- « Pa ditou, Bondye reponn. Pyès moun pa p wè yo vèt. Pou lòt moun, yo toujou gen menm koulè yo. Men, ou menm ak mwen menm, nou konnen yo vèt. Sa se yon sekre ant nou de. »

*Ghyslaine Rochelin. Tradiksyon Jilap*

*Pou refleksyon n :*

*Ki sa parabòl la fè n wè ?*

*An n pran tan pou n dekouvri tout sans li genyen.*

*Degi*

### **Aji kòm moun reskonsab**

Ki sa « **anviwònman** » vle di ? Se sa k viwonnen nou, sa n ap viv ladan an : n ap viv nan mitan plant, pyebwa, n ap viv nan mitan dlo, limyè, lè pou respire. Tout sa ansanm se « anviwònman » nou. Yo viwonnen nou, e nou viv nan mitan yo. Si anviwònman an malad, nou menm tou ap vin malad. Si lè nou respire vin sal, si dlo nou bwè plen fatra, tout lavi atake, paske youn depann de lòt.

Se yon sèl (1) tè nou genyen, pa gen de (2), epi, genyen 6 milya moun (6.000.000.000) k ap viv ladan l. Ayiti pou kont kò l genyen 8 milyon (8.000.000) moun ak yon ti degi ladan l. Yo chak gen bezwen ki dwe jwenn satisfaksyon, yo bezwen manje, respire, deplase, distrè tèt yo. (Nonmen lòt bezwen toujou...) Yo tout sèvi ak sa tè a genyen nan limenm ak sa moun fè ak entelijans yo. Men toujou : resous yo se tè a ki bay yo. Resous yo toujou genyen limit yo, nou pa dwe gaspiye yo.

Yon pyebwa bezwen pou pi pitit 30 lane pou grandi ; nou menm, nou koupe l nan de tan twa mouvman. Nou bwè yon kola nan yon ti moman,

men boutèy plastik nou lage atè a, pa p janm degrade. Lè yo boule l, li bay yon gaz k ap nwi sante moun. ...

**Ekoloji** : Se tout sa k genyen rapò ak sa k viwonnen n. « Eko » sòti nan « oikòs », yon mo nan lang Grèk ki vle di KAY. « Loji » soti nan « logòs », se yon mo nan lang Grèk ki vle di PAWOL, ki montre SANS yon bagay genyen. Nan mo a, nou wè tout fanmi mo yo, tankou lojik, lojisyèl, ak tout syans ki gen « loji » pou n nonmen yo. Latè se lakay tout sa k egziste e ki gen lavi : plant yo, bèt yo ak nou menm moun. Si pa gen bon jan ekilib, si youn pa respekte lòt, lavi pa posib pou pyès nan yo.

Nou dwe pran konsyans ... sa vle di nou dwe chèche konnen ki jan tout sa k kreye youn bezwen lòt, youn mache ak lòt.

Nou dwe pran konsyans ... pou n kab aprann aji ak konsyans, yon fason ki kòrèk.

*Twazyèm dimanch karèm  
24 fevriye 2008*

## *Jezi se dlo lavi a. Dlo se lavi*

Egzòd 17, 3-7 : Granmèt la di : Frape bit wòch la, dlo va soti, e pèp la va bwè.  
Wòmèn 5, 1-8 : Yo te vide renmen Bondye a nan kè n, gras a Lespri Sen an.  
Jan 4, 5-42 : Dlo m a ba li a, va tounen yon sous pou lavi ki pa p janm fini an.

### *Kèk lide pou litiji a*

*Pandan 3 dimanch nou pral koute 3 istwa nan levanjil selon Jan ki sen. 3 dimanch sa yo santrè sou preparasyon kandida pou batèm yo. Yo detaye lavi nouvo pèp Bondye ap rasanble a. Yo kapab gide n tou etan n ap chèche yon nouvo wout pou pèp Ayisyen an jounen jodi a, ak reskonsablite l nan mitan tout sa Bondye te kreye. Tout gwo senbòl sa yo ki montre n lavi tounèf batèm nan dwe ede n respekte lakreyasyon Bondye a pi plis tou.*

Ranmanse tèm dimanch la : Dlo se youn nan premye bezwen chak moun genyen. Dlo soutni lavi. Pèp nan dezè a k ap bougonnen lè l manke dlo. Dlo se lavi, li fè moun rasanble, tankou Jezi ak fanm Samari a nan levanjil la. Lè Jezi deklare « dlo lavi a se mwen menm », nou deja wè enpòtans batèm nan kote n fè yon sèl kò ak li. Yon kretyen toujou dwe respekte dlo a ki siy lavi Bondye sou tè a ki soutni pwòp vi n.

**Yon senbòl pou twazyèm dimanch la :**  
Dlo se youn nan premye bezwen chak moun genyen.  
Kote k gen dlo, gen lavi, moun kapab rasanble epi gen kominote.

**N ap prepare dlo k ap sèvi nan nwit Pak la.**  
Dlo a toujou fè n sonje batèm nou. Nou se manm nan pèp Bondye a ki prezan tankou yon lèdven, yon limyè, yon disèl anndan sosyete a.



Yon ti pwen pou aksyon :

Ann pran konsyans : ki kote moun yo pran dlo nan zòn nan ? Dlo pou bwè / dlo pou lave / pou benyen / pou fè manje / dlo pou bèt bwè / dlo pou wouze plant ...

Nan ki eta dlo a ye ?

An n mete ansanm ak kèk vwazen pou netwaye sous la, bare l. Netwaye kanal yo ki sèvi pou dlo sal ale. ... Kenbe dlo yo pwòp. Pa gaspiye dlo.

Si n fin bwè dlo, pa lage sachè a atè ...

### ***Konprann Pawòl Bondye a***

- « Eske ou te mennen n nan dezè a pou n mouri swaf dlo ? » Moun pa kab viv san dlo. Yon pwoblèm konkrè pèp la kontre, fè l anvi tounen nan peyi lesklavaj. Moyiz ki mande pèp la pou l pa pèdi konfyans, men pou l kontinye mache, lite, avanse sou chimen chanjman ak lavi. Se ansanm, ak fòs Bondye a, yo kapab reyalize delivrans yo a. Li pa fasil pou n viv nan libète dapre diyite ak reskonsablite nou genyen kòm moun. Se nan dezè a pèp la dwe aprann òganize tèt li. Kounye a se pa lèzòt yo k ap di li ki sa li dwe fè. Li reskonsab tèt li ak pwòp avni li. Devan difikilte yo, tout moun dwe bay patisipasyon yo. Men gen sa k vle tounen dèyè, nan esklavaj Lejip la.
- Nan levanjil la, Jezi rankontre ak madanm Samari a epi li pale avè l. Lè l fè sa, li touche anpil vye koutim ak divizyon ki te genyen ant Jwif ak moun Samari yo. Gason pa pale ak fi. Jwif pa pale ak Samariten. Pou kisa tout prejije ak divizyon sa yo ? Poukisa moun fè lavi a difisil konsa ? Poukisa gwoup sosyal yo refize pale ansanm sou fason pou yo òganize jistis, sou patisipasyon chak ap bay, sou devlopman ak lavi tout moun dwe jwenn, sou fason pou kreye yon anviwònman kote moun kab viv ?

Jezi montre aklè divizyon sa yo pa gen sans, yo pa fè lavi vanse. Yo gen pou disparèt si moun koute Lespri a, e si yo viv nan verite youn ak lòt. Se sa ki « Adore Bondye nan Lespri ak Laverite. » Sa se chimen Pak la, kote nouvo pèp Bondye ap mache a.

- Nou dwe aprann viv e òganize sosyete nou an nan lespri ak laverite. Dlo se siy sa ki pwòp, sa ki klè, sa ki transparan. Pawòl la di : « klè tankou dlo kòk » - ou : « pwòp tankou yon sous dlo ». Dlo se lavi. Dlo se kote moun rasanble, kote pou n aprann viv nan lespri ak nan laverite youn ak lòt. Se sans batèm nou kote n leve vivan ak Jezi.

**Lavi moun sou tè a pa dwe yon senp lit pou pouvwa. Bondye kreye n pou lavi, li pa fè n pou lanmò. Sa se gwo mesaj fèt Pak la ba nou. Tout fason nou aji ak sa Bondye kreye n dwe montre sa. Eske fason nou kenbe dlo nou yo pa ta dwe antre nan angajman batèm nou ?**

### ***Pou travay ak gwoup, jèn ak nan lekòl***

*Kèk lide pou diskite e pran konsyans ansanm*

#### **Dlo se lavi**

*An n gade alantou n :*

Ki dlo nou bwè ? Ki kote l sòti ? Eske se tout dlo moun kab bwè ?

Ki kote Ayiti jwenn dlo ? Dlo nesesè pou lavi.

Lè pa gen dlo... ki sa k lakòz?

Sechrès lakòz lanmò, mizè ak grangou.

Men, ki jan sa ye ak dlo kote n ap viv ? Ki eta rivyè yo ?

Lè lapli tonbe, ki sa k rive nan zòn yo ?

An deyò, nan mòn, lè n wè fòs dlo anvayi jaden yo...

Nan vil yo, ki jan yo jere dlo lapli a ?

Nan zòn metwopolitèn nan toujou, dlo pou bwè sòti nan plizyè sous, epi yo tire anpil dlo nan Laplèn. Tèlman yo sèvi ak dlo, epi yo gaspiye l, moun k ap etidye kesyon an kwè anvan lontan, se dlo lamè k ap anvayi rezèv ki anba tè yo e k ap fè dlo anba tè a vin sale.

Nan anpil peyi, afòs yo sèvi ak pwodui chimik (sa yo rele pestisid, ensektisid) pou travay tè, anpil dlo sous vin plen ak pwazon. Grasadye, an Ayiti pwodui sa yo toujou limite.

An Ayiti, anpil moun blije bwè dlo ki pa bon. Anpil kote Kamep (ki se sèvis Leta pou jere afè dlo a) bay popilasyon an dlo yo pa kapab bwè, paske l pa bon pou lasante moun. Konsa, mache dlo a vin anvayi peyi a. Dlo pou bwè blije vann nan sachè plastik, ki yo menm tounen yon pwoblèm pou anviwònman an. Dlo, ki yon dwa moun, tounen yon machandiz, olye li se yon sèvis piblik.

Se pa sèlman dlo anba tè ki sal, menm dlo lapli charye salte ak pwazon pou lavi sou tè a. Konsa yo pale sou « lapli asid ». (N ap blije pale sou sa pi devan).

### **Dlo ak tè**

Kèk enfòmasyon ki dwe enterese n.

Chak ane, dlo lapli a pote plizyè kawo tè ale nan lanmè, paske tè a pa genyen pwoteksyon, epi dlo a gen fòs.

Jodi a, nan peyi a, nou pran plis konsyans enpòtans anviwònman an genyen pou lavi moun. Depi yon ti lapli tonbe se gwo inondasyon nan vil ak bouk nou yo. An n sonje Fon Verèt, Mapou, Gonayiv, Chansòl, Kabarè, ak plizyè lòt kote toujou ... Anpil lokalite ak vil nan peyi a twouve yo anba menm menas sila a. Se vre, nou pa kapab evite tout dezast sa yo. Men move konpòtman moun fè peyi a pa ka sipote okenn kontraryete, okenn difikilte.

Gade lari kapital la, Pòtoprens, depi yon ti lapli tonbe, tout lari yo tounen larivyè. Tout kanal yo fin bouche ak tè ak wòch ki soti nan mòn. Epi tou, boutèy plastik yo ak tout lòt fatra ap fè rèz la. Si gen lapli, anpil katye anba menas eboulman. Gen zòn nan vil la menm ki frajil si ta genyen yon tranbleman de tè, pou jan kay yo mal bati. Ki moun ki montre sa di l kichòy ? Chak fwa, se apre chwal la fin pase yo rele fèmèn baryè a.

Lè n ale pi lwen, n ap wè ki jan tè peyi a fin devaste. Depi peyi a fonde, se konfli tè ki genyen. Pa genyen sekirite fonsyè, peyizan yo pa gen sekirite parapò ak tè y ap travay la. Tout moun se pase pran. Pa gen moun ki konnen yo responsab. Forè yo disparèt, latè touni, nenpòt ti lapli pote l ale. Pwodiksyon lokal la pa sifi pou bay pitit peyi a manje. Kilè n ap santi n responsab pou peyi a ki patrimwàn nou tout ?

### **Ki sa tout moun kab fè**

- Pa jete fatra nan ravin yo, nan rivyè yo, kòm si se yo k ap fè netwayaj pou nou. Pi ba gen lòt moun ki bezwen dlo pwòp pou benyen, pou lave, pou fè manje, el.
- Pa jete fatra anba pon, nan egou dlo yo, men kenbe kanal yo pwòp, pa bouche yo, pou lè gen lapli, dlo a kapab jwenn chimen pou l ale, konsa li pa blije anvayi kay moun e simen lanmò.
- Lè n fin bwè dlo nan sachè, pa lage plastik yo atè, mete yo nan poubèl kote yo vin ranmase yo.
- Bay lòt lide toujou ...

### **Dlo se lavi.**

**Kote gen dlo fòk moun kapab sanble pou fè kominote.**

*Ak elèv oswa jèn ki pi gran yo, nou kapab gade tèks sa a:*

### **Fòm konyans moun**

Premye edikasyon ki dwe fèt, se edikasyon konyans moun. Edikasyon sila a kòmanse depi yon moun toupiti. L ap dire tout lavi l. Ki sa k konyans moun nan ? Nan fon kè l, moun nan dekouvri yon règleman, yon lwa ki fe li distenge sa k bon ak sa k pa bon, san se pa li ki mete l, men li fèt pou obeyi l. Vwa sila a ap pale nan fon kè l, li envite l pou l renmen, pou fè sa k byen e pou evite sa k mal. ... Se yon lwa Bondye te ekri nan kè moun nan. Konyans lan se li ki sant ki pi sekre nan kè yon moun. Se yon kote sakre kote li sèl ak Bondye ki fè l tande vwa l (Gade : Vatikan 2, *Kè kontan ak espwa*, 16).

Pou patisipe nan pwojè Bondye a, nou dwe aji ak konyans. Konyans la fè yon moun konprann sa ki byen ak sa ki mal, sa ki fè lavi vanse ak sa ki fè mal pran pye. Chak moun genyen konyans, paske vwa Bondye pale nan fon kè chak moun. Gras ak konyans li, yon moun kapab dekouvri ki valè moral chak jès l ap fè a genyen. Se konyans nou ki pèmèt nou pran responsablite pou aksyon nou poze yo. Yo pa ka mande yon moun pou aji kont pwòp konyans li, men tou, yo pa kapab anpeche l aji yon fason ki dakò ak sa konyans li mande l. Yon konyans ki kòrèk, se kote vwa Bondye a kapab touche volonte ak libète yon kreyen vivan.

*Katriyèm dimanch karèm*  
*2 mas 2008*

## *Jezi se Limyè lavi nou. Limyè se chimen lavi*

1 Samyèl 16,1-13 : Yave di Samyèl : Pa jije sou sa k parèt.

Efezyen 5,8-14 : Kounye a, nou se limyè. Mache non, tankou pitit limyè.

Jan 9,1-41 : Jezi di : Se limyè tè a mwen ye.

### *Kèk lide pou litiji a*

Ranmase tèm dimanch la: Jezi louvri je avèg la, e li wè premye fwa nan vi l, epi Jezi deklare: « Se mwen limyè tè a ». Konsa, batèm nou nan non Jezi kote n wè ak je lafwa ede n wè pi lwen, pi fon. Nou wè sans lavi a, nou wè diyite chak moun, diyite moun ki pi pòv yo, ak enpòtans tout sa Bondye kreye.

**Yon senbòl pou katriyèm dimanch la :**

**Nou kapab prezante syèj fèt Pak la devan asanble a (san nou poko limen l).**

**Nou kab esplike ki sans li genyen : I ap reprezante nan mitan nou prezans Jezi ki leve a. Se nan li y ap limen yon limyè pou chak moun ki batize.**

**Yon pwen pou aksyon.**

- **Ak je n nou wè bèlte kreyasyon an, ki montre n bèlte Bondye a li menm. An n kenbe bèlte sa k viwonnen nou: pwòpte alantou kay la, nan lari, pa jete fatra, pa pwofite sou do moun k ap netwaye, pito mete men ak yo.**
- **Respekte moun ki pa wè (avèg), ki pa tande (soud) ... men ki wè sa lòt yo pa wè, ki tande sa lòt yo pa tande. Yon moun ki andikape, se yon moun tankou tout moun ak tout diyite l.**

## ***Konprann Pawòl Bondye a***

- Pwofèt la ap chèche yon Wa pou Israyèl. Li rive nan fanmi Jese, yo prezante l tout pitit yo, sòf youn, paske yo pa bay dènnye a enpòtans. Li pa konte, li se dènnye a epi l ap veye bèt yo. Men yo tout ap twonpe tèt yo, yo pa wè klè. Bondye chwazi sa k pi piti a, sa yo t ap mete sou kote a. Se konsa pwofèt la chwazi David kòm wa peyi Izrayèl. David se zansèt Jezi. Tout moun dwe pote kolaborasyon pou delivrans la reyalize, pou bati peyi a.
- Swiv Jezi, mande pou wè klè. Pou patisipe nan misyon l, nou dwe lave je n. Ki sa ki anpeche moun wè klè ? Eske se pa bèl aparans, vye divizyon, prejije, jalouzi ? Gade farizyen yo nan levanjil la ki plen prejije devan nèg avèg la. Yo di : li fèt nan peche, l ap mouri nan peche. Ata paran li yo pè pran defans li. Piti piti avèg la menm rive kwè epi li deklare lafwa li, menm si yo mete l deyò nan sinagòg la.
- Anpil fwa, nou pa wè sa k bèl ak sa k bon lakay nou ak lakay lòt yo. Eske se pa tout kalte zanmitay ak enterè n ap defann ki fè nou avèg, nou pa wè lòt yo ?

Apot Pòl ki sen fè n konnen nou se limyè, nou dwe mache tankou pitit limyè. Chak moun dwe yon limyè pou lòt yo. Pawòl sa a genyen rapò tou ak responsablite e angajman sosyal nou yo. Lakay anpil kretyen, lafwa yo manke antre nan tout ajisman sosyal yo. Yo bon moun, men yo pa wè si yo dwe pran responsablite pou chanje sosyete a. Anpil moun pa mare lavi yo nan sosyete a ak konviksyon lafwa yo. Yo sanble ak moun avèg, lè se pou konprann responsablite yo devan sosyete a ak devan tout sa Bondye kreye.

**Epoutan, Legliz la genyen Ansèyman sosyal li kòm yon zouti pou fè Levanjil la mache nan tout reyalite lavi moun.**

**Ansèyman sosyal Legliz la pale n tou sou responsablite n devan kreyasyon Bondye a, devan anviwònman an.**

**Li ede n wè lavi sosyete a nan limyè fèt Pak la.**

## *Pou travay ak gwoup, jèn ak nan lekòl*

*Kèk lide pou diskite e pran konsyans ansanm*

### **Lè nou respire**

*An n gade alantou n.*

#### **Lè n lavil :**

Gade nan maten yon nyaj k ap monte ... se li yo rele « smòg » li pote tout salte ki deyò ak nouvo jou a ki monte. Men, se lè sal sa a n ap respire, se li k antre nan kò n, nan poumon n ak nan san n. Kò moun pa fèt pou resevwa bagay sal konsa.

#### **Nenpòt kote n ye :**

Gade jan anpil machin ap bay move lafimen ki lakòz tout kalite move maladi k ap bay lanmò. Veye yo lè y ap fè jefò pou monte yon ti mòn.

Gade move lè ak sant ki monte anlè lè yo boule sachè ak boutèy plastik, kawotchou ak lòt fatra lanati pa kab detwi fasil. Lè sa a plen ak pwazon.

Kou lafimen monte, sanble li ale, men li kontinye ap antoure espas kote n ap viv la, epi l ap detwi kouch ozòn nan k ap pwoteje tè a kont move reyon solèy.

Menm dlo lapli ki tonbe sòt nan syèl charye salte. Salte a konn tèlman anpil ki fè yo pale sou « lapli asid ». Li tounen yon vre pwazon pou lavi sou tè a.

### **Dlo nou bwè ak lè nou respire**

Nou bezwen dlo pou bwè. Depi kèk tan, paske dlo a vin sal, yo vann dlo pou bwè nan sachè plastik, ki yo menm tounen yon pwoblèm pou anviwònman an, sitou lè yo boule sachè ak boutèy plastik yo.

Nou bezwen lè pou respire. Eske n ap blije vann e achte lè, menm jan nou fè ak dlo kounye a ?

Se yon dwa moun genyen pou l kapab jwenn dlo pou bwè ak lè ki pwòp pou respire. Men, se yon reskonsablite nou tout genyen ansanm pou sa reyalize.

## **Limyè ak enèji pou n kab wè**

An n pran konsyans jan limyè a enpòtan pou tout moun, kit nou lavil, kit n ap viv nenpòt kote nan peyi a.

Gade pakèt pwoblèm ki genyen lè genyen blakawout nan vil yo, ak tout move konsekans li genyen : moun pa kab travay kòm sa dwa ; elèv pa kab etidye ; fwa kreye lakòz genyen plis ensekirite,... Kote pa gen kouran elektrik, pa kab gen devlopman sosyal ak ekonomik.

Limyè se enèji. Solèy la ba nou limyè chak jou pou granmèsi. Lòt limyè, se ak enèji yo fè l. Ki kote enèji pou fè kouran elektrik sòti ? Nan peyi nou, se nan pwodui petwòl yo jwenn enèji sa a. Eske nou konnen peyi yo kote yo jwenn anpil petwòl ak lòt sous enèji anba tè ? *Nonmen yo ...*

Lè n tande pale sou lagè ki genyen anpil kote sou latè, se paske anpil pèp annik gade sa k nan enterè yo : kit se lakay yo sous enèji yo ye, kit yo vle kontwòle sous ki lakay lòt peyi yo ak tout fòs.

Jounen jodi a, plis moun pran konsyans nou dwe devlope sous enèji ki pwòp, ki pa detwi planèt la, epi ki asire lavni pou jenerasyon k ap vini yo.

Peyi nou Ayiti plen ak sous enèji tankou solèy ak van. Men nou manke moun k ap chèche e ki montre moun sèvi ak yo pou byen kominote a.

## **Ki jan nou kapab kenbe lè nou respire a pwòp ?**

Viv byen ak anviwònman an, se konprann nou se yon moso nan kreyasyon Bondye a. Lè n pran swen li, se pwòp tèt nou nou okipe tou. Lanati, se pa yon vye machandiz oswa yon senp bagay, men li se yon frè, yon sè nou dwe okipe e pwoteje. Si n pwoteje l, l ap pwoteje nou tou. Sonje Sen Franswa d Asiz ak renmen li te genyen pou tout kreyasyon Bondye. Li t ap rele chak kreyati yon frè li ak yon sè li.

Tout sa mande pou chak moun bay patisipasyon l kòm sadwa. Patisipe se yon fason konkrè pou n pran reskonsablite n devan tout sa k egziste.



Pòl ki Sen fè n sonje, se tout kreyasyon an k ap tann revelasyon laglwa pitit Bondye yo (Women 8, 19-21). Se Fèt Pak pou tout kreyasyon an Pòl ki Sen ap anonse la a.

*Envite jèn pou reflechi pi plis sou moso labib sa a, ki montre jan pwòp egzistans nou mare ak tout sa Bondye kreye :*

**Tout kreyasyon Bondye a ap tann kilè pitit Bondye yo va parèt. ... li te toujou gen espwa, yon lè l a delivre anba pouvwa k ap gate l la, pou l ka jwi bèl libète pitit Bondye yo. (Women 8, 19-21)**

### ***Ansèyman sosyal Legliz (ASL) se yon zouti pou wè klè e pou preche Levanjil la***

Anseye epi fè moun konnen Ansèyman Sosyal Legliz la, fè pati misyon Legliz la : misyon sa a se gaye Levanjil la. Se yon moso nan mesaj kretyen an yo pa ka pouse sou kote. Ansèyman sila a fè n konnen ki konsekans Levanjil la genyen nan lavi sosyete a. Li mete travay n ap fè chak jou ak batay n ap mennen pou genyen jistis nan kad temwayaj nou bay Kris Sovè a. Epitou, li se yon sous inite ak lapè nan mitan konfli yo pyès moun pa kapab evite nan domèn ekonomik ak sosyal. [Preyokipasyon pou bagay sosyete a (SRS) # 39]

Pou sa k gade ekoloji a, Ansèyman Sosyal Legliz la fè n konprann Bondye te kreye tout sa k egziste pou tout moun kab sèvi ak yo ak lespri. Byen sa yo dwe pataje yon fason korèk, dapre prensip renmen ak jistis. Konsa li pa dakò ak kèk moun ou kèk pèp ki pran tout pou yo. Se yon bagay ki pa dakò ak règijwèt kreyasyon an menm. ...

Prensip la ki di « tout sa Bondye kreye se pou tout moun yo ye » ba nou yon oryantasyon fondamantal pou regle tout kesyon ki mare anviwònman ak lamizè. Kriz anviwònman an frape moun ki pi pòv yo pi di, paske anpil fwa y ap viv sou tè a ki pi bimen, kote k gen erozyon ak dezè, paske y ap viv kote gen konfli ak zam epi yo blije yo deplase kòm migran, oubyen paske yo pa genyen mwayen ekonomik ak teknik pou pwoteje tèt yo kont tout kalite malè ki frape yo.

[Daprè *Ranmase ASL* # 481-482]

*Senkyèm dimanch karèm*  
*9 mas 2008*

*Jezi se lavi kò nou. Kò nou fèt pou lavi*

Ezekyèl 37,12-14 : M a mete Lespri m anndan n, n a tounen vin gen lavi.  
Women 8,8-11 : Lespri a menm fè nou viv, piske nou tounen moun kòrèk.  
Jan 11,1-45 : Jezi di : « Leve a ak lavi a, se mwen menm ».

*Kèk lide pou litiji a*

Ranmanse tèm dimanch la : Pwofèt Ezekiyel anonse yon pèp ki te atè : I ap viv kounye a. Jezi bay Laza lavi. Lavi, se pi gwo bagay moun ap chèche. Tout kreyasyon an plen lavi. Bondye nou an Jezi fè n konnen an, se Bondye moun vivan li ye. Kò nou se kay Bondye a, kominote a se kay Lespri a. Tout kreyasyon an se yon tanp ki fè glwa pou Bondye. Nou dwe respekte kay sa yo ki kreyasyon an, kominote a, ak pwòp kò nou.

Yon senbòl pou senkyèm dimanch tan karèm nan :  
Yon gwoup kapab egzekite yon bèl dans pou fè lwanj Bondye apre nou fin detaye mesaj Levanjil la.  
Nou fè lwanj Bondye ak kò n, pou Lavi fèt Pak la li ba nou.

Yon pwen pou aksyon. Semèn sa a nou gade ki jan nou kapab patisipe pou gen plis respè pou lavi : lavi moun, sitou lavi moun ki pi sou kote yo ap mennen. Lavi yo gen menm valè, menm enpòtans ak lavi tout lòt moun. An n òganize lavi pèp nou pou sosyete a kanpe djanm, pou l vin pi bèl.

## ***Konprann Pawòl Bondye a***

- Pèp la an egzil. Li pèdi figi l devan tout nasyon. Li sanble yon jaden plen ak vye zosman oswa yon tonm ki sere kadav sèlman. Pwofèt Ezekyèl deja wè ki sa pèp la ap devni gras ak moun ki kenbe lafwa yo, sa k viv selon espwa yo genyen nan Bondye, sa k renmen toutbon vre. Gras ak fidelite yon ti gwoup moun anndan pèp la Lespri Bondye ap fè mèvèy sila a. Nou kapab li moso Labib la ak anpil atansyon. Jodi a, pèp nou an sanble yon jaden ak zosman ak èskelèt ki parèt san yo pa gen lavi nan yo. Nou kwè nan Lespri Bondye a epi nou patisipe pou n reyalize lavi pou pèp nou an ak tout fòs lafwa ba nou.
  
- Se menm sa k fèt nan lavi Laza. Sè li, Mat, te swete Jezi te la pou sove l anba lanmò. Men Jezi fè l wè ki jan lafwa nan Bondye lavi a kapab fè mèvèy. Nan menm lafwa sa a Mat deklare devan Jezi : « Ou se Pitit Bondye vivan an ». Lòt kote nan Levanjil la, Jezi fè n konnen : « Bondye se Bondye moun ki vivan ». Fèt Pak la se sa : se kwè nan pwojè Lavi Bondye ap reyalize ansanm avè n. Pwojè sa a se lavi pou pèp la, jan listwa Laza ki tounen jwenn lavi fè n wè. Pak, se viv pwojè lavi a nan tout relasyon n youn ak lòt. Kò nou yo tou fèt pou lavi, paske Lespri Bondye abite anndan n.
  
- Nan non lafwa nou, ki yon kado Bondye, nou dwe fè yon chwa toutbon pou lavi vanse e triyonfe. Lafwa nou nan lavi toutbon an parèt nan jan nou pran lavi sa a Bondye konfye n nan oserye. Bondye Kreyatè a mete n jeran lakreyasyon an. Lè nou patisipe e nou pran reskonsabilite n kòm sa dwa, n ap rekonèt prezans Kris nan tout sa k egziste, menm jan ak Mat.

**Nou fèt pou pran swen lavi : konbat lamizè ki pa fèt pou moun, travay pou gen bon swen lasante pou tout moun.**

**Nou fèt pou respekte lavi. Respè pou tout fòm lavi ki genyen, se yon fason pou montre nou vle respekte lavi moun pi plis tou.**

**Nou fèt pou lavi. Batèm nou deja fè n fè youn ak kò Jezi ki leve a.**

*Pou travay ak gwoup, jèn ak nan lekòl*

**Pran konsyans pwoblèm anviwònman an :  
tout sa k egziste makonnen ansanm**

Nan dènye ane sa yo, moun yo pran konsyans pi plis sou ki jan lavi yo ak egzistans yo mare ansanm ak egzistans tout latè a ak tout lavi ki ladan l.

Gen plizyè gwo rankont entènasyonal ki fèt pou ede konprann reyalite sa a. Men yo :

- **1972** : premye reyinyon mondyal sou anviwònman an nan vil Stòkòlm [Stokholm] nan peyi Swèd. Yo te pibliye yon deklarasyon ki gen 26 pwen ladan l sou bon relasyon ki ta dwe genyen ant moun ak lanati. Pa egzanp yo di : nou dwe pi pridant ak tout resous sa yo ki mande anpil syèk pou tè a kapab renouvle yo, tankou petwòl (gaz, gazolin, dyezèl, el.). Nou dwe sispann sal lanmè a ak bagay ki touye lavi ki ladan l (pou anpil moun, lanmè se yon poubèl ... Moun kapab benyen nan lanmè kote genyen lavil. Lè ou bezwen vwayaje al Lagonav, gade tout fatra ou kontre k ap flote sou dlo a).
- **1982** : 105 peyi reyini nan vil Naywobi (Nairobi) nan peyi Kenya. Tout patisipan yo te konstate jan tè a vin pi mal : genyen anpil debwazman ki fèt, tè a ak dlo yo degrade, biyosfè a (se jan lè a ye k ap antoure latè kote n ap viv, epi k ap pwoteje lavi sou tè a kont reyon solèy ki nwizib) vanse degrade serye. Moun yo manke konprann gwo makònay ki genyen ant tout sa k egziste nan kreyasyon an e ki pèmèt genyen lavi sou tè a.
- **1987** : Kèk peyi siyen sa yo rele Pwotokòl Montreyal (Montréal) nan peyi Kanada. Se yon akò kote yo mande pou sèvi mwens ak pwodui chimik oswa ak pwodui k ap domaje biyosfè a, oswa k ap nwi sa yo rele kouch ozòn nan ki antoure latè. (Yon gaz yo rele ozòn ap pwoteje latè kont reyon nwizib ki sòti nan solèy la).
- Pwotokòl Kyoto nan peyi Japon, se yon lòt jefò ki fèt pou fè peyi yo diminye fason yo sèvi ak sa k domaje kouch ozòn nan ki vlope latè. Gen anpil pwodui k ap nwi kouch ozòn nan, tankou boule gaz machin

(sitou lè motè yo mal ajiste) ; boule plastik, kawotchou, el. Paske kouch ozòn nan vin pi piti, genyen chanjman nan sezon yo sou latè, lapli pa tonbe menm jan, gen plis katastwòf natirèl, glas nan Pol Nò ak Pol Sid latè a tanmen fonn, el. Tout sa se yon danje pou lavi sou tè a. Ayiti te siyen pwotokòl la. Palman an pokò ratifye l.

- **1992** : te genyen yon gwo rasanbleman nan vil Riyo de Janeiro (Rio de Janeiro) nan peyi Brezil : Konferans Nasyonzini sou Anviwònman ak Devlopman. Yo t ap poze tèt yo kesyon : ki jan pou fè devlopman yon fason latè a kapab sipòte, san yo pa detwi l ? Plizyè kesyon te parèt : kesyon peyi rich yo ki plis pase lòt yo ap gaspiye richès tè a genyen. Kesyon refijye ki mare ak kesyon anviwònman an (moun blije deplase akòz katastwòf natirèl yo). Fason pou pwoteje resous yo tankou dlo, forè yo ak pyebwa yo, lanmè a, divès sous enèji yo, divès kalite lavi ki genyen yo (sa yo rele biyo-divèsite a). El. Yo t ap gade tou ki wòl tout moun genyen pou pwoteje latè a ak lavi ki ladan l. Ki jan pou fè edikasyon pou chak moun konprann wòl li. Konferans lan te fè yon deklarasyon ki konsènen forè yo, tèlman yo enpòtan, tèlman y ap detwi yo nan koupe pyebwa ak lage dife ladan yo.
- **2007** : Nasyonzini te òganize yon rankont nan vil Lisbòn nan peyi Pòtigal sou menm koze sa yo. Sitou afè kouch ozòn nan vin yon koze ki enpòtan anpil pou avni lavi moun sou tè a.
- Nan menm ane **2007** la, Nasyonzini te òganize yon konferans nan peyi d Ayiti pou mete aklè tout kesyon ki mache ak dlo pou moun bwè. Anpil moun sou latè, sitou nan peyi pòv yo, pa kab satisfè dwa sa a.
- **Nou pa dwe bliye** : *Anpil kesyon ki mare ak anviwònman an mare dirèk dirèk ak mòd devlopman pèp yo ap reyalize.* Peyi rich yo pran devan, epi lòt yo ap swiv. Kalite devlopman sa a chita sou anpil gaspiyay resous natirèl yo. Yo pran sa k sòt nan tè a pou piyay, li pa koute anyen, ou pa bezwen pran swen l. Epoutan, pi fò resous yo genyen limit, menm dlo nou bezwen pou bwè genyen limit li. Chak moun dwe aprann pou l pa gaspiye, pou fè ekonomi ak resous yo, pou resikle. El. Se tout modèl devlopman an pou n egzaminen. #

## **An n gade peyi nou Ayiti Eske ou te konnen**

Zile Ispanyola ki fòme ak Ayiti e Repiblik Dominikèn nan genyen plizyè kalite lavi (plant ak ti bèt) ladan l, moun pa ka jwenn okenn lòt kote sou latè beni. Sa se yon richès peyi a genyen. Anpil plant sèvi pou fè remèd fèy. Nou pa sèlman dwe sèvi ak richès peyi a genyen, nou dwe pran swen l, kòm moun entelijan.

Nan lane 1979, yo te kalkile pou sèl zòn Jan Rabèl nan Nòdwès, chak jou yo voye 250 sak chabon ale Pòtoprens. Yo bezwen koupe 1.000 pyebwa pou fè yo. Forè yo nan peyi a diminye anpil. Nan lane 1950, 18 % nan peyi a te kouvri ak pyebwa ak forè. Nan lane 1986 rete sèlman 3 %. (sous : Luc Pierre-Jean, nan jounal *Conjonction*, mwa me 1989).

Si anyen pa fèt pou frennen degradasyon sa a, genyen gwo katastwòf k ap tann peyi a. Men, ki jan pou frennen degradasyon sa a? Ki jan pou mare ansanm devlopman peyi a bezwen ak pwoteksyon anviwònman an? Sa pa kab fèt san Gouvènman an pa mete sou pye yon vre politik devlopman pou peyi a. Men tou, chak sitwayen ak sitwayèn dwe pran responsablite l nan men l.

Ane pase, gwo lapli ki te tonbe nan mwa oktòb 2007 la, te touche lavi 700.000 timoun ak 1,4 milyon abitan nan peyi a. 45 moun te pèdi vi yo; 7.000 fanmi te pèdi tout sa yo genyen. Kèk jou pi ta, yon ond twopikal yo te bay non Nwèl, frape peyi a. Biwo pwoteksyon sivil nan peyi a te fè konnen gen 62 moun ki te pèdi vi yo, 16 moun blese, 105 moun disparèt, 10.226 fanmi pèdi tout sa yo te genyen. Yo te blije deplase 18.712 moun pou dlo pa pran yo. 1.853 kay fin detwi, epi 8.735 lòt domaje seryezman. (Sous : *Alterpresse*, 14 novanm 2007).

Tout sa se yon bilan terib. Pa t menm gen yon siklòn ki te pase sou peyi a, men sèlman yon ond tropikal epi yon tanpèt tropikal ki te vin annapre. Sa montre jan peyi a vin frajil.

Men gen moun ki pa bouke lite pou chanjman. Eske ou konnen Ti Frè ak Ti Sè Senterèz yo, ak jefò y ap fè pou pwoteje dlo, sous ak tè kote yo ye? Eske ou konnen travay Ti Frè Enkanasyon yo k ap fouye basen pou kenbe dlo lè lapli tonbe, e jan basen sa yo chanje anviwònman ak ekoloji zòn nan? Eske nou konnen divès jefò pou devlope pwodui lokal yo, tankou lèt bef, kasav, elatriye? *Chèche tout egzanp nou konnen ...*

Sa k manke tou, se yon vre politik gouvènman an pou tout peyi a, ki oryante epi ankouraje tout moun ki vle fè kichòy pou sove peyi a. Pale ak depite ak senatè yo nan zòn nan sou sa. Yo menm tou genyen reskonsablite pa yo.

### **Aji pou pwoteje lavi**

Ki sa n kab fè, pou :

Respekte lavi:

Respekte lavi plant yo;

Respekte lavi bèt yo, pa fè yo pase mizè pou granmesi;

Respekte lavi moun, respekte kò moun.

Respè pou moun dwe parèt toupatou : pwòpte nou mete kote n ap viv e pou akeyi moun ; fason n monte transpò piblik ; fason n respekte pwòp kò n, ak tout kò sosyal la.

*An n chèche mwayen pou aji ...*

*Men yon ti pawòl nan Ansèyman Sosyal Legliz la pou soutni refleksyon nou :*

Latè se pa yon reyalite nenpòt jan, yon bagay nou kapab sèvi ak li san reflechi, jan n vle, konsa konsa. Latè twouve l nan nannan pwojè Bondye a menm, ki rele n pou nou tounen pitit fi ak pitit gason li nan Jezi Kri, ki Sèl Pitit li (Efezyen 1, 4-12). Moun genyen anpil preyokipasyon anpil kote sou latè pou kondisyon ekolojik kreyasyon an. Yo lejitim epi yo jwenn yon apui lè n gade espwa a ki abite n kòm kretyen e ki mete n ap travay, yon fason reskonsab, pou sove e kenbe kreyasyon an anfòm.

(Pap Benwa 16, Sakreman Renmen an, # 92)

*Sizyèm dimanch*  
*Dimanch ramo*  
*16 mas 2008*  
*Jounen mondyal jèn yo*

### *Jezi se chimen an : li mache devan n*

Matye 21,1-11 : Wa ou lan vin jwenn ou. Li dou. Se sou yon bourik li monte.  
Izayi 50,4-7 : Chak maten, Pawòl la leve m ... pou m koute l tankou yon elèv.  
Filipyen 2,6-11 : Bondye leve l anlè, pi wo pase tout bagay.  
Matye 26,14 rive 27,66 : Nèg sa a se Pitit Bondye sèten.

### *Kèk lide pou litiji a*

Ranmanse tèm dimanch karèm nan : Litiji dènye semèn tan karèm nan santre sou Jezi ki sove n. Jezi se « Solèy Jistis la » ak « Prens Lapè a ». Anwo lakwa, yo rekonèt li kòm « Pitit Bondye sèten ». Paske Jezi, nèg Nazarèt la, plante prezans Bondye nan mitan n, lavi l ak lanmò l enpòtan pou nou yon fason ki san parèy. Pyebwa lakwa a se yon pyebwa lavi li ye. Chak pyebwa dwe fè n sonje kwa Kris la.

**Senbòl pou dimanch Ramo a :**  
**Se ramo oswa branch vèt. Branch yo se siy lafwa nou ak espwa n nan Lavi a.**



**Yon pwen pou aksyon : An n plante yon pyebwa bò lakay nou, nan katye nou. Pale sou kwa Jezi a, sou batay li pou lavi, ki fè kwa li tounen yon pyebwa lavi.**

***Konprann pawòl Bondye a***

Jodi a, ak dimanch Ramo, nou antre nan semèn sent la, kote nou sonje angajman jis nan bout Jezi te pran pou delivrans ak lavi pèp li a. Patisipe nan delivrans sila a, se bliye tèt ou pou lòt, menm jan ak sa Jezi te fè a.

- Legliz la ap li levanjil lapasyon dapre Matye ki sen. Tout levanjil Matye mete anpil aksan sou enpòtans ak wòl kominote kretyen yo. Levanjil dapre Matye se sèl levanjil ki sèvi ak pawòl « Legliz la » anndan levanjil la. Kominote Legliz la dwe sanble ak Mèt la ki tounen Sèvitè ki bay vi l pou lavi kominote a. Lekti pwofèt Izayi a ede n konprann sa.

Men, ann gade ki jan disip Jezi yo patisipe nan soufrans Mèt yo a. Nan levanjil Matye, se tout disip yo ki montre yo fèb. Jida trayi Mèt la, e li vann li pou pri yon esklav. Menm disip yo ki te temwen Jezi chanje figi sou mòn nan (gade levanjil dezyèm dimanch tan karèm nan) ap dòmi nan jaden Jètsemani. Yo deja lage batay la (v. 43). Lòt yo kraze rak. Pyè menm ap di li pa konnen Jezi. Epitou, lè yo envite tout pèp la pou rekonèt Jezi pou Mesi (Sila a Bondye voye a), yo refize fè l.

Kote mesye disip yo fè fay, se medam yo ki aji yon fason konsekan e ki pote patisipasyon yo. Yo montre yo gen konprann. Depi anvan dènye soupe a, se yon fanm ki montre li konprann kilès ki Jezi, e ki sa k ap rive li. Li aji tankou yon pwofèt : li mete lwil santi bon sou tèt li. Jès sila a, se jès pwofèt yo poze pou sakre wa a. Plizyè fi rekonèt Pyè se yon disip Jezi, men Pyè ap niye l. Se yon gwoup fanm Jerizalèm ki sou bò wout la. Madanm Pilat menm plede anfavè Jezi (27, 19). Yon gwoup fanm kanpe nan pye lakwa Jezi. Yo t ap swiv li tankou disip (27, 55-61). Se kèk fanm toujou ki kontinye ap veye bò kavo a. Se yo k temwen lanmò Jezi ak leve li leve vivan.

Disip yo fèb. Se yon chèf women etranje ki rekonèt Jezi kòm « pitit Bondye », kòm Mesi a. Pyè ap rekonèt trayizon li e li tounen patisipe nan kominote a.

- Jida rekonèt e li regrèt konplo li t ap fè a, l al depoze lajan nan tanp lan jan lalwa mande l la, men, li pa t gen fòs pou al jwenn kominote a.
- Pou fini, nou dwe konprann sans soufrans la byen. Bondye Papa a pa pran plezi nan soufrans moun oswa nan soufrans Pitit li Jezi. Okontrè, lè n gade soufrans Jezi yo, nou wè aklè ki kalite renmen Bondye genyen pou nou. Se renmen an ki bay Jezi fòs pou kenbe misyon li jous nan bout.

**Suiv Jezi, se chèche sa k anfòm pou peyi a ak pou chak moun ki ladan l. Swiv Jezi se sèvi li nan lòt yo. Depi nan kòmansman tan karèm nan, n ap kalkile sou sa sa vle di nou gen responsablite devan tout sa Bondye kreye, paske nou fèt ak entelijans e libète, ak konsyans e volonte. Swiv Jezi, se anbrase lavi l ak chwa li yo toutbon : respè pou moun, pou lavi, pou bèlte ak bonte tout kreyasyon an. Medam yo nan pye lakwa Jezi montre yo vle pran wòl yo toutbon kòm manman lavi sou tè a. Chak pyebwa kapab ede n sonje kwa Jezi a, ki yon chimen lavi. An n respekte pyebwa pou yo kapab delivre n mesaj yo a.**

### ***Pou travay ak gwoup, jèn ak nan lekòl***

*Mande patisipan yo pou yo fè yon refleksyon serye sou forè yo*

#### **Ki sa forè yo ak pyebwa fè pou lavi sou tè a ?**

Lè yo fin reflechi, n ap gade ki sa yo te ekri, oubyen n ap kite yo pale sou sa yo panse:

- Forè yo se lakay anpil plant, zannimo ak zwazo yo.
- Nou jwenn remèd ladann.
- Forè yo kenbe chalè. Sa ede pou tanperati tè a rete estab.
- Forè yo bay manje pou moun, pou zanimò ak zwazo yo. (Pa bliye zwazo gaye grenn pyebwa yo epi yo simen yo toupatou).
- Forè yo mete anpil oksijèn (sa se bon lè pou respire) nan atmosfè a pou nou kab respire.
- Forè yo kenbe anpil CO2 (sa yo rele *kabòn diyòksid*) ki bay pwoblèm nan atmosfè a;

- Forè yo kenbe dlo nan tè a, epi yo fè l monte nan branch ak fèy yo. Yon sèl pyebwa kapab leve 1.000 lit (oswa 1.000 kilo) dlo chak jou, epi li leve l jiska 50 mètr wotè. Se yon mèvèy ! Konsa solèy la kapab rebran dlo a sou fòm nyaj pou fè lapli tonbe.
- Forè yo kenbe tè a, konsa li pa ale desann soti nan mòn yo, al tonbe nan lanmè oswa bouche rivyè yo. Konsa tou, van pa kab pote pousyè a ale pou anpeche plant yo pouse nan bon tè a. Rasin yo nan forè yo kenbe lavi.
- Forè yo fè e refè tè a. Tout fèy ak branch yo ki tonbe fè angrè. Yo dekonpoze pou fè tè ankò. Konsa, pa gen gaspiyaj k ap fèt.
- Forè yo fè anpil bèlte anpil.
- Forè yo bay lonbraj pou ti plant yo, pou zannimo yo ak moun tou.
- Forè yo ba nou chabon ak bwa ; men nou pa dwe koupe pyebwa yo san n pa plante lòt pou ranplase sa n te koupe yo.
- Forè yo se lakay anpil plant ak zwazo ak zannimo (*sa nou rele flora ak fauna*). Lè nou koupe forè, n ap pèdi tou plizyè kalite oswa plizyè fòm lavi. Lè yon kalite lavi disparèt, nou pa p janm wè li ankò. Genyen 50.000 diferan kalite lavi ki disparèt chak lane ! Sa se yon gwo pèt pou tout kreyasyon an ! Eske nou gen dwa disparèt yon kantite kreyati Bondye te fè, san nou pa p kapab fè yo tounen ankò ? Bondye fòme, moun defòme!
- Men, nou menm moun, nou defòme imaj Bondye a. Nou manke konprann nou bezwen diferan konpayèl sa yo sou tè a pou lespri nou toujou anfòm. Si yo pa la, planèt la vin tris. M kwè chak fwa yon kalite lavi mouri nèt, **Bondye di : Mwen fèk pèdi sèl grenn pitit mwen.**

Konsa nou wè enpòtans san parèy forè yo genyen.

Menm chak pyebwa enpòtan. **Lè nou pale sou lakwa Jezi Kri, nou rele lakwa sa « Pyebwa Lavi a ». Sa se yon bagay ki korèk. Nan lakwa Jezi, nou resevwa lavi ki pa p janm fini an. Tout pyebwa dwe fè nou sonje sa.**

**Pyebwa se vrèman gadyen lavi sou tè a yo ye. Nou dwe respekte yo, konsève yo ak plante yo. Pyebwa yo nesèsè pou lasante moun, pou lasante peyi nou ak tout peyi sou latè. Mèsi, Bondye pou mèvèy pyebwa yo.**

(Sous : *Gaye Lapè, 16*)

## Semèn Sent

### Seremoni pou chanje kè nou

*Nan okazyon fèt Pak la, Legliz la envite fidèl yo chanje kè yo toutbon. Li envite nou pran konsyans reskonsablite sosyal nou yo. Lè n deside rekonsilye, lè n deside konfese, se paske nou rekonèt fòt ak mank nou yo, se paske nou konsyan pwòp reskonsablite nou genyen nan sa k fèt yo.*

Dapre sa n te reflechi pandan tan karèm sa a, nou vle kalkile sou reskonsablite sosyal nou genyen devan avni peyi a.

**Lekti labib** (*Chwazi youn nan lekti tan karèm yo*).

*Nan meditasyon an, nou kapab fè moun yo sonje divès tèm nou te devlope chak dimanch nan tan karèm nan. Nou kapab poze kèk kesyon ki ede mare angajman nou nan sosyete a ak konviksyon lafwa nou yo kòm kretyen.*

Avni nou, se nan men nou li ye ak fòs Lespri a.

- Nou gen diyite, epi nou reskonsab.
- Patisipasyon nou pou peyi a vin bèl gen awè ak diyite nou kòm moun.
  - Nou gen reskonsablite pou tout sa Bondye kreye.
  - Pran reskonsablite vle di : chanje, mete chanjman.
  - Nou reskonsab dlo ak tè. Pou yo anfòm pou soutni lavi.
  - Nou reskonsab limyè ak lè, pou yo kab soutni lavi.
  - Nou reskonsab lavi sou tè a ; lavi frè ak sè n yo, lavi tout sa k egziste. Nou pataje espas tè a ansanm ak tout sa k egziste.
- Nou dwe tounen yon kominote k ap swiv Jezi ki temwen Lavi a.

*Mande padon*

*Anvan fidèl yo avanse pou fè konfesyon yo, nou kapab lapriyè ansanm.*

Paske nou pase Bondye nan jwèt : n ap fè bèl deklarasyon, bèl diskou alòske nou pa sòti pou n chanje anyen nan konpòtman n, nan rapò n ak Bondye, nan rapò n ak frè ak sè nou yo. An nou mande Bondye padon.

Paske nou nan manti: n ap pale bèl pawòl pou nou fè lòt kwè nou renmen peyi n, nou se patriyòt, nou se pwogresis, men an reyalite nou pa deside pran angajman serye pou peyi nou chanje. An nou mande Bondye padon.

Paske nou kouri dèyè mirak, pou nou pa fè jefò Bondye mande nou yo. Paske nou refize pran mirak Jezi yo pou siy delivrans li vin pote ban nou an, paske nou refize travay pou tout moun jwenn manje, jwenn swen dòktè, paske nou refize travay tankou asosye Bondye pou nou bati yon lòt sosyete tounèf, yon lòt Ayiti tounèf. An nou mande Bondye padon.

Paske nou pa chèche trese lapriyè n ak jefò Bondye mande n yo. Paske lapriyè n yo ap andòmi n, ap separe n ak batay pou nou vin pi bon, pou pwogram Bondye yo tounen reyalite sou tout tè a. An nou mande Bondye padon.

Paske n ap pwomèt tout tan n ap chanje rapò n ak lòt yo : ak madanm nou, ak mari nou, ak pitit nou yo ak paran nou yo, ak frè ak sè nou yo, ak vwazinaj, ak konpatriyòt nou yo, ak tout pwochen nou yo. Men anyen pa janm fèt vre. An nou mande Bondye padon.

Paske nou pran santiman n yo pou reyalite. Paske nou pa kenbe fèm nan lit la pou nou chanje toutbon vre, paske nou pa kenbe fèm nan batay pou peyi nou an chanje toutbon vre. An nou mande Bondye padon.

Paske nou renmen nan bouch ase. Tankou nou li nan Labib la, nan Lèt Jak la, nou voye frè nou yo al abiye yo san nou pa ba yo rad, nou voye yo al manje san nou pa bay yo manje. An nou mande Bondye padon.

*(Sous : Fè sa pou nou sonje mwen, Ane A-1)*

*Anviwònman an  
se kay  
kote Bondye rete avè n*

**Nou vle pran swen Kreyasyon an, ki se Kay Nou Tout  
yon fason ki dakò ak pwojè Bondye a**

(Mesaj CELAM nan Aparesida, me 2007)

*Veye fèt Pak la*  
*Dimanch Fèt Pak la*  
*23 mas 2008*

*Jezi leve*  
*Yon syèl nouvo, yon tè nouvo*

Travay Apot yo 10, 34-43 : Nenpòt moun ki kwè nan li, va jwenn padon.  
Kolòsyen 3, 1-4 ou 1 Korentyen 5, 6-8 : An n fete nan sa ki pwòp ak nan laverite.  
Jan 20, 1-9 : Fòk li leve sòti pami mò yo.

***Kèk lide pou litiji a***

Ranmanse tèm dimanch Pak la : Yon nouvo Lavi kòmanse nan Jezi ki leve vivan pami mò yo. N ap viv Lavi tounèf sa a nan padon youn bay lòt. Jezi mete yon nouvo solidarite sou pye pou lavi sou tè a triyonfe. Nouvo relasyon sila a, rekonsilyasyon ak padon dwe anbrase tout sa Bondye kreye. Nouvo lavi sa a se vreman yon lòt syèl ak yon tè nouvo.

**Yon senbòl pou dimanch Pak la :**

**Nou kapab reprann senbòl ki te sèvi pandan tan karèm nan, oswa nou kapab sèvi ak youn nan yo pou montre ki jan lavi Pitit Bondye yo, se lavi pou tout sa Bondye kreye.**

**Nou toujou ap sèvi ak dlo ak limyè lè n renouvle pwomès batèm yo. Angajman batèm nou genyen anpil sans pou patisipasyon nou dwe bay nan lavi sosyete a.**

**Pi bèl jès pou fèt Pak, se yon jès rekonsilyasyon ak yon moun nou te lènmi ak li. Men tou, kote n te lènmi ak rès kreyasyon Bondye a, n ap deside pou aji ak plis responsablite, plis konsyans, plis detèminasyon pou pwoteje anviwònman an, ki se Kay Nou Tout.**

### *Konprann Pawòl Bondye a*

- Tout Pawòl la nan okazyon fèt Pak la pale n sou yon Lavi tounèf. Yon lòt Lavi k ap anvayi lavi nou sou tè a, epi lanmò pa janm kapab detwi l. « Wete vye lèdven an. » Retire sa k bay yon gou amè nan ou menm. « Chèche sa k anwo a. » Mennen yon lavi ki dakò ak sans lavi n ap chèche a, an n viv nan laverite.  
Nan Jezi ki leve a, nou jwenn sans lavi n ap chèche a. Nou fèt pou lavi. Se Bondye ki ofri n Lavi tounèf sa a.
- Tan Pak pale anpil sou padon. Tout moun ki kwè nan Jezi ki leve va jwenn padon. Nan padon Bondye ba nou, Lavi tounèf la deja ap kòmanse fleri nan mitan n. Jistis, Lapè ak Padon mache ansanm. Pa gen Lapè si pa gen Jistis, pa gen Jistis si pa gen Padon.  
Lavi tounèf pou pèp nou an tou, se nou k pou kòmanse bati l ak fòs Lespri Bondye vivan an ki te gide Jezi pandan tout vi l nan mitan n epi ki te bay Jezi lavi jou fèt Pak la. Nou patisipe ansanm ak Li pou bay pèp nou an Lavi. Nou kolabore ak Bondye pou pèp nou an kapab jwenn gwo sans lavi li sou tè a.
- Pandan tout tan karèm nan, nou te gade ki jan nou kapab patisipe pou fè lavi jèmen nan mitan nou ak anndan tout sa Bondye krewe, pou peyi nou kapab tounen anvangou Peyi kote Bondye Wa a. Nou te gade sitou sa sa vle di viv yon lòt jan ak tout sa Bondye krewe : anviwònman an, se kay kote Bondye rete avè n. N ap patisipe e pran responsablite pou tout sa Bondye krewe toujou bèl.

**Patisipasyon tout moun nesèsè pou n kapab bati yon peyi rekonsilye, kote tout moun santi yo pran l oserye. Gras ak patisipasyon sila a nou kapab konstwi dapre sa k kòrèk, nou kapab padonnen ak rekonsilye chak fwa sa nesèsè.**

**Rekonsilye vle di: rebati konfyans ak relasyon nan mitan moun. Jodi a, nou bezwen vin byen e rekonsilye ak tè a n ap viv ladan an tou. Pou jan moun ap detwi ak maltrete anviwònman an, ou ta di se pi gwo lènmi l. Rekonsilye se rekonèt tò ki fèt la, pou pèmèt yo tabli yon lòt kalite relasyon ki chita sou respè ak verite. Nou bezwen renmen tè a, paske li se kay nou, kay tout pèp, kay tout lavi. Fòk nou renmen lavi sou tè a sou tout fòm li manifeste, se garanti respè pou pwòp lavi nou.**



**An n koute istwa Kreyasyon tounèf la**

Bondye te wè tout nasyon ak ras yo sou Latè a, ras nwa, blan, moun pòv, rich, moun soti Nò, Sid, Lès ak Lwès ak tout kredo yo genyen, rive nan Gran kay tout Nasyon yo pou yo chita ansanm pou panse ak etidye kouman yo kapab bay swen ak rezoud pwoblèm Latè a ak tout moun k ap viv sou Latè a genyen.

Bondye di : Sa bon. Se te premye jou **Tè Nouvo a**.

Bondye te wè sòlda lapè yo te kanpe ant de pati ki goumen pou yo kapab rezoud konfli gras ak negosyasyon san zam, pou yo kanpe sou « sa k nan enterè tout moun ».

Bondye di : Sa bon! Se te dezyèm jou **Planèt Lapè a**.

Bondye te wè tout moun renmen Kreyasyon an antye, zetwal yo ak solèy la, jou ak nwit yo, lè ak lanmè yo, tè ak dlo yo, pwason ak zwazo yo, flè ak zèb yo, ak tout frè ak sè yo nèt.

Bondye di : Sa bon! Se te twazyèm jou **Planèt Kè Kontan an**.

Bondye te wè tout moun sòti anba grangou, maladi, inyorans ak soufrans toupatou sou tè a pandan yo fè tout moun ak timoun gen sa yo bezwen, san pa gen gwo je ni moun ki ranmase twòp richès.

Bondye di : Sa bon! Se te katyèm jou **Planèt Jistis la**.

Bondye te wè tout moun viv nan bon amoni ak planèt la epi nan lapè youn ak lòt pandan yo gen sajès pou regle resous yo, san yo pa fè gaspiyaj ni eksè, san awogans, ògèy, gwo je, rayisans oubyen divizyon. Yo viv ak imilite ak konfyans youn nan lòt.

Bondye te di : Sa bon! Se te senkyèm jou **Planèt ki tankou Lò a**.

Bondye te wè moun detwi zam, bonb, batiman ak avyon lagè yo. Yo fèmen tout baz militè yo, pou yo fini ak lagè pandan yo kenbe tout bon lapolis pou sèvi ak pwoteje bon moun kont moun ki vle fè mal yo.

Bondye di : Sa bon! Se te sizyèm jou **Planèt Bon Konprann nan.**

Bondye te wè ras moun nan mete Bondye ak moun, nan premyè plas tankou pi gwo priyorite, tankou Alfa ak Omega. Epi, yo mete tout enstitisyon yo, politik la, ak gouvènman an tankou sèvitè Bondye ak pèp yo. Yo adopte règfwèt ki « pi gwo a », ki se : « N ap renmen Granmèt Bondye ak tout kè n, ak tout nanm, ak tout lespri n, ak fòs nou, epi n ap renmen youn lòt tankou nou renmen pwòp tèt nou. Pa gen lòt règfwèt ki pi wo pase sa. »

Bondye di : Sa bon! Se te setyèm jou **Planèt Bondye a.**

*(Se Robert Muller ki ekri tèks sa a  
Sous : Lapè Gaye # 16)*

*An nou kenbe bèl pwojè sa a devan je nou pandan nou reflechi sou anvivònman peyi d Ayiti a ak rèss monn lan, paske avni tout peyi yo makonnen ansanm.*

Renmen latè ak tout sa Bondye kreye, renmen pwochen frè ak sè n yo, epi renmen Bondye li menm ... se twa bagay ki mache ansanm.

Youn vin pi fò gras ak lòt la.

Renmen Lavi fèt Pak la, Lavi toutbon an kòmanse ak youn bèl renmen pou tout sa k egziste ak tout lavi ki ladan l.

*Nou kwè nan « Jezi ki leve vivan pami mò yo ».*

*Ki jan konviksyon lafwa sa kapab donnen nan vi nou jodi a ?*

## Gran priyè pou fè Lwanj pou Bondye

*(Kote se lofis n ap fè, chak dimanch,  
nou kapab sèvi ak priyè sa a ki fè n sonje lavi Jezi Kri)*

N ap di ou mèsì, Bondye Gran Mèt, ou menm ki fidèl e ki gen bon kè.  
Mèsì pou Jezi, Piti ou, Gran Mèt nou e frè ou te ban nou an.  
Li te viv ak pòv yo ak malad yo ak timoun yo,  
ak moun ki t ap viv nan peche,  
pou jan li te tèlman renmen yo.  
Lavi tout moun te di li kichòy.  
Nan lavi li ak nan pawòl li, li montre nou  
ou se yon Bondye ki okipe tout moun,  
tankou yon Papa, tankou yon manman, k ap okipe pitit li.  
Se pou sa, n ap fè lwanj ak konpliman pou ou,  
n ap di jan ou bon, jan ou fidèl.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Granmèt o,  
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Nou di ou mèsì, Papa ki sen toutbon  
ou toujou avèk nou lè n ap mache sou chemen jistis ak lavi a.  
Ou avèk nou toujou  
lè Legliz ou a reyini pou sonje lavi Pitit ou a Jezi.  
Nan renmen li renmen tout moun,  
Jezi pa t asepte okenn kalite manti, enjistis, ipokrizi.  
Li te anonse yon chanjman ki pou fèt.  
Li te mete tout konfyans li nan ou menm, Bondye ki Papa li.  
Li rele tout malere yo pou yo vin jwenn ou.  
Se pou sa, sa k te gen pouvwa yo rayi l, epi yo touye l.  
Men lanmò a pa t gen dènnye mo nan lavi Jezi:  
Ou fè l leve vivan pami mò yo.  
Konsa, lanmò li sou lakwa a pote anpil fwi,  
epi l ap pote anpil fwi toujou,  
paske sou lakwa a yon nouvo pèp fèt, k ap chante lwanj ou.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Granmèt o,  
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Granmèt pou jan ou bon,  
tanpri, fè Lespri Sen an rasanble nou tout  
ansanm ak Pap Benwa 16,  
ansanm ak Evèk nou.....  
ansanm ak tout moun ki pran chaj pèp ou a.  
Louvri je nou pou n ka wè tout moun ki nan ka.  
Fè n jwenn nan tout okazyon sa yo yon pawòl k ap soulaje tout moun sa yo,  
èspesyalman lè nou fas a fas ak moun ki depafini anba gwo pwoblèm.  
Ban n fòs ak kouraj pou n konnen sa n ap fè  
pou n leve frè ak sè nou yo k ap drive anaba lamizè ak kraze zo.  
Fè Legliz la louvri pòt kay li  
pou l sèvi verite ak libète temwen, san gade dèyè.  
Konsa Jistis ak Lapè va simaye  
pou tout moun sou tè a ka reprann espwa.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Granmèt o,  
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

Bondye Papa, chè Papa nou, fè tout moun ki batize yo  
tounen patizan Jezi Kri toutbon vre.  
Bondye Papa, nou mete devan w  
tout moun ki sèvi Jistis ak Lapè temwen.  
Nou mete davan w gwo foul moun  
ki viktim lenjistis toupatou sou latè a.  
Lè n ap fini pelerinaj n ap fè anwo tè beni sa a,  
louvri bra w byen laj pou resevwa nou nan Peyi kote Jezi Kri Wa a.  
Lè sa a, n a gen espwa jwenn tout kalite benediksyon,  
nan tèt ansanm pou tout tan.  
N ap kontinye fè konpliman pou ou  
nan Jezi Kri Sovè nou an ak Granmèt nou an.

*Nou di bravo pou Bondye, lwanj pou ou, Granmèt o,  
Se tout an mèvèy ou ye, bravo Papa bravo.*

*Men ki sa n jwenn nan dokiman sila a*

<i>Louvri baryè tan karèm 2008 la</i> .....	3
<i>Premye dimanch tan karèm</i> .....	5
<i>Dezyèm dimanch tan karèm</i> .....	10
<i>Twazyèm dimanch tan karèm</i> .....	16
<i>Katriyèm dimanch tan karèm</i> .....	21
<i>Senkyèm dimanch tan karèm</i> .....	26
<i>Sizyèm dimanch tan karèm</i> .....	32
<i>Semèn Sent</i> .....	36
<i>Dimanch fèt Pak</i> .....	39
<i>Gran Priyè Lwanj</i> .....	43